# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–02 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस सरकार, गोरखपुर के बीआरडी मेडिकल कॉलेज में कई गो स्वास्थ्य सुविधा बढ़वले के सथहीं डाक्टरन, मरीजन, अउर तीमारदारन के सुविधा खातिर गई गो विकास कार कारवायी।

येही क्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने बीआरडी मेडिकल कॉलेज में पचपन करोड़ रुपये से जियादे के विकास कार्यन अउर सुविधा कै लोकार्पण आ शिलान्यास करिहें। येह दौरान मुख्यमंत्री स्वामी विवेकानंद युवा सशक्तिकरण के तहत एमबीबीएस अउर पैरामेडिकल छात्रन के चार सौ तिरासी टैबलेट अउर स्मार्टफोन बटिहें।

मुख्यमंत्री के हाथ से जवन प्रमुख सुविधा के शुभारंभ होइ आहमें सात करोड़ सत्रह लाख रुपिया के लागत वाली सीटी स्कैन मशीन अउर इग्यारह लाख पचीस हजार रुपिया के लागत वाली लिथोट्रिप्सी मशीन क लोकार्पण प्रमुख हउवे। एकरे अलावे मुख्यमंत्री, जेनेटिक मेडिसिन आ पीडियाट्रिक्स आर्थोपेडिक्स ओपीडी अउर मिल्क बैंकों क शुभारंभ करिहें।

मुख्यमंत्री, माइक्रोबायोलॉजी विभाग में सैम्पल कलेक्शन सेन्टर क स्थापना, पैथालॉजी विभाग में फुली आटोमेटिक टिशु प्रोसेसर, फुली आटोमेटिक यूरिन एनालाइजर जइसन मशीनन के शुभारंभ करिहें सथहीं मुख्यमंत्री, फार्मेसी कालेज के विस्तार कार्यो क लोकार्पण करिहें। एकरे सथहीं सुपर स्पेशिलिटी हास्पिटल में काम करे वाली उपचारिका लोगिन खातिर सौ सीटि वाला मैरिड छात्रावास के निर्माण कार्य क शिलान्यासो करिहें। येह छात्रावास के बनववले पर तीस करोड़ एकतीस लाख रुपिया क लागत आई।

**********

राहत आयुक्त जीएस नवीन कुमार बतवले हवे कि मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निर्देश पर प्रदेस के बाढ़ि वाला इलाकन में लगतारे नोकसान भइल फसिल क सर्वे कइल जा रहल हवें जवने से किसानन के समय से मोआवजा दिहल जा सके। उहां के बतवलीं कि नेपाल के पहाड़ी क्षेत्रन से छोड़ल गइल पानी से प्रदेस के अट्ठारह जिलन के करीब बयासी हजार एक सौ छब्बीस हेक्टेयर फसिल प्रभावित भइल हवे। ओही सर्वे में वास्तविक फसिल क नोकसान करीब उन्नतीस हजार दुई सौ तैंतालिस हेक्टेयर पावल गइल हवे।

उहां के बतवली कि जवन भी किसान क बाढ़ि के नाते तैंतिस फीसदी से जियादे क फसिल नोकसान भइल हउवे ओन्हें मोआवजा दिहल जाई। राहत आयुक्त बतवले कि बाढ़ि से एक लाख सत्तावन हजार चार सौ चौवालीस किसानन क फसिल प्रभावित भइल हवें जबकि लेखपाल की ओरि से अबले एक लाख छप्पन हजार नौ सौ बावन किसानन के सहायता धनराशि देवे बदे पोर्टल पर नाव फीड कइल जा चुकल हवे। एकेर सापेक्ष अबले एक लाख पच्चीस हजार पांच सौ एक्कइस किसानन के एकहत्तर करोड़ एक लाख रूपिया क भुगतान कइल जा चुकल हवे। ओहीं बाकी बचल किसानन के नाव के फीडिंग क काम तेजी से कइल जा रहल हवे।

सबसे जियादे लखीमपुर के अट्ठासी हजार पांच सौ छियालिस किसानन क फसिल बाढ़ से प्रभावित भइल बाटे। सत्तर हजार छः सौ इक्यानबे किसानन के सैंतालिस करोड़ रुपिया क भुगतान कइल जा चुकल हवे।

सिद्धार्थनगर में ओन्निइस हजार आठ सौ पांच किसानन के फसिल बाढ़ से प्रभावित भइल बाटे। येहमें से पन्द्रह हजार चार सौ अठहत्तर किसानन के सात करोड़ पचास लाख रूपिया क भुगतान कइल जा चुकल हवे। हरदोई के अठारह हजार दस प्रभावित किसानन में से चौदह हजार छः सौ तिहत्तर किसानन के पांच करोड़ बयालिस लाख रुपिया क मोआवजा दिहल जा चुकल हवे।

राहत आयुक्त बतवलें कि बाढ़ प्रभावित इलाकन में जवन किसानन के फसिल क नोकसान भइल हवे। ओह किसानन क लिस्ट तहसीलन पर चस्पा कइले क फइसला कइल गइल हवें जवने से किसानन के जवन मोआवजा दिहल जा रहल हवे ओहकर ओन्हें सही जनकारी हो सके।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निर्देस पर लगतारे तिसरकहू दिन्ने आजु मेरठ अउर बागपत में कांवड़ियन पर पुष्प वर्षा कइल गइल। काल्हि मेरठ में जहवां डीएम अउर एसएसपी हेलीकॉप्टर से सिव भक्तन पर फूल बरसवले रहलें ओही आजु सावन क सिवरात्रि के पवित्र मौका पर मेरठ मंडल क मंडलायुक्त सेल्वा कुमारी जे अउर आईजी नचिकेता झा मेरठ में बाबा औघड़नाथ मंदिर अउर बागपत में पुरा महादेव मंदिर में कांवड़ियन पर हेलिकॉप्टर से पुष्प वर्षा कइलें। दुन्नो अधिकारी पुष्प वर्षा के सथहीं मंदिर के हाता क सर्वेक्षणों कइलें। अउर सुरक्षा व्यवस्था क जायजा लिहले। हेलीकॉप्टर से पुष्प वर्षा होत देख के कावंडिये खुशी से झूम गइले अउर बोल बम के नारा लगवले। येह से पहिले काल्हि मेरठ के डीएम दीपक मीणा अउर एसएसपी विपिन ताड़ा मेरठ के ऐतिहासिक औघड़नाथ मंदिर, दिल्ली देहरादून राष्ट्रीय राजमार्ग, पल्लवपुरम, शिवाय टोल प्लाजा पर हेलीकॉप्टर से पुष्प वर्षा कइले रहले।

**********

प्रदेस के उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आजु वाराणसी पहुंचलें। काशी के बाबा विश्वनाथ अउर काल भैरव के दर्शन पूजन कइले के बाद उहां के विभागीय अधिकारियन के साथे बइठकी कई के जिला में चलि रहल विकास योजना क समीक्षा कइले। उहां के पीडब्लूडी अधिकारियन के निर्देस दिहली कि कांवड यात्रा में कांवड़ियन क मार्ग के हर हाल में सुगम रखल जाये। उप मुख्यमंत्री पार्टी पदाधिकारियन से भेंटों कइलें अउर संगठन के मजबूत बनवले क मंत्र दिहलें।

**********